УДК: 373.2

# MEKTEPKE SHEKEMGI JASTAǴI BALALARDI MEKTEPKE SHEKEMGI BILIMLENDIRIW SHÓLKEMLERINE QAMTÍWDIŃ ÁHMIYETI

**Ibragimova L.A., Klishbayeva M.K.**
*Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı talabası, Nókis*

Búgingi kúnde elimizde bilimlendiriw sisteması sheńberinde bilimlendiriwdiń sapasın arttırıw, intellektuallıq potencialǵa iye, fizikalıq jaqtan bárkamal áwladtı qáliplestiriw, maman kadrlardı tayarlaw áhmiyetli hám aktual wazıypalardan biri.

Prezidentimiz Sh.Mirziyoevtiń Respublikamızdıń rawajlanıwı jolında alıp barılıp atırǵan tınıshlıqtı súyiwshilik, xalıqshıllıq siyasatı mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemleriniń jumısın túp-tiykarınan reformalaw, olardıń rekonstrukciyadan shıǵarıw, bilimlendiriwdiń sapasın arttırıw, básekege shıdamlı kadrlardı tayarlaw ushın ústin tiykar bolıp xızmet etpekte. Ózbekstan Respublikası Prezidenttiń 2019-jıl 8-maydaǵı 4312-sanlı "Ózbekstan Respublikası mektepke shekemgi bilimlendiriw sistemasın 2030-jılǵa shekem rawajlandırıw koncepciyasın tastıyıqlaw haqqında"ǵı qararı, 2019-jıl 14-dekabrdegi Nızamshılıq palatası hám Senat tárepinen maqullanǵan ÓRN-595-sanlı "Mektepke shekemgi bilimlendiriw hám tárbiya haqqında"ǵı nızamı, Ózbekstan Respublikası Prezidenttiń 2026-jıl 5-fevraldaǵı 19-sanlı "Mektepke shekemgi bilimlendiriw hám tárbiya sistemasın jáne de jetilistiriw ilajları haqqında"ǵı pármanı hámde usı tarawǵa tiyisli normativlik-huqıqıy hújjetlerde belgilengen wazıypalardı ámelge asırıw házirgi waqıtta mektepke shekemgi bilimlendiriw sistemasın jáne de jetilistiriw ushın baǵdarlamalıq xızmet etpekte.[1],[2]

Bul tarawdaǵı reformalar izbe-iz dawam ettirilip, házirgi zaman talapları hám standartları tiykarında mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemleri tarmaǵın rawajlandırıw, olardıń qayta rekonstrukciyalaw hám modernizaciyalawǵa qaratılıp atırǵan itibarlar tiykarında hám keleshegimiz iyeleriniń hesh kimnen kem bolmay ósiwi hám ullı ata-babalarǵa múnásip miyrasxor bolıp kamalǵa keliwin támiyinlewdey iygilikli maqsetler jámlengen.[4]

Kelesi bes-on jıllıqta barlıq mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkeminiń materiallıq-texnikalıq bazasın bekkemlew, sonıń ishinde shetki awıllarda jańa mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemlerin qurıw, olardı zamanagóy talaplarǵa juwap beretuǵın oqıw-metodikalıq qollanbalar, multimedia resursları, inventar hám úskeneler menen támiyinlew hám de usı maqsetler ushın júdá úlken qarjılar ajıratılıwı názerde tutılıp atırǵan bul qarar óz ishine qanshelli keń kólemli wazıypalardı qamtıp alǵanlıǵın kórsetedi.[2]

Atap aytqanda, 6 jasar balalar ushın bir jıllıq mektepke tayarlaw toparları bilimlendiriw baǵdarlaması májbúriy ulıwma orta bilimlendiriwdiń dáslepki basqıshı sıpatında tán alındı, hár bir aymaqta 120 orınlıq zamanagóy "Jańa áwlad" mámleketlik baqshaları hám olardıń janında Balalardı rawajlandırıw innovaciyalıq orayları shólkemlestiriledi hám de barlıq mámleketlik baqshalarda xızmetkerler hám balalardıń qatnawın júrgiziwshi shaxstı biometrikalıq identifikaciyalaw (face-ID) hám mobil qosımshalar tolıq engiziledi[3]. Haqıyqatında da, búgingi kúnde awıllıq jerlerde mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemleriniń sanın keskin arttırıw zárúrligi kórinbekte. Ayırım awıllıq sharayatında jasaytuǵın jas analar ushın balalar baqshası máselesi turmıslıq zárúrlikke aylanǵan.

Mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemleriniń maqseti mektepke shekemgi balalardıń ulıwma sawatlılıǵın arttırıw, balalarda Watandı súyiw, onıń menen maqtanıw sezimin oyatıw, Konstituciyanı úyretiw, dúnyaqarasın keńeytiw imkaniyatın berip atırǵan bolsa, jáne bir tárepi jas balalı analardıń miynetke baylanıslı konstituciyalıq huqıqın júzege shıǵarıwǵa da xızmet etiw. Usı qarardıń jáne bir qolaylı tárepi sonda, awıllıq jerlerdegi mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemlerinde ata-analar tólemin 30 procentke shekem azaytıw názerde tutılıp atırǵanı kem támiyinlengen hám kóp balalı shańaraqlar ushın jeńillik jaratadı.[5]

Áne usı faktorlardı esapqa alǵan halda qararda mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemleri ushın pedagog kadrlardı tayarlaw hám qánigeligin arttırıw oqıw rejesi hám baǵdarlamaların zamanagóy pedagogikalıq texnologiya hám metodlardı esapqa alǵan halda jetilistiriw wazıypası belgilengeni áyne maqsetke muwapıq. Yaǵnıy, 2025-2026 oqıw jılı ushın pánler hám sabaq saatlarınıń bólistiriliwi qayta kórip shıǵılıp, ámeliy kónlikpelerge kóbirek itibar berildi. Búgingi kún talaplarınan jáne biri sonnan ibarat, perzentlerimizdiń hár tárepleme ádep-ikramlılıq, intellektual, estetikalıq hám fizikalıq rawajlanıwı ushın zárúr sharayatlar jaratıw maqsetin qoyǵan ekenbiz, álbette, pedagog-tárbiyashılardıń mamanlıǵın arttırıw, zamanagóy talaplar dárejesinde jetilistiriw hám de mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemlerin psixolog, defektolog sıyaqlı qánigeler menen támiyinlew.[3],[5]

Mektepke shekemgi bilimlendiriw sisteması úzliksiz bilimlendiriwdiń birlemshi hám eń áhmiyetli buwını esaplanadı. Zamanagóy pedagogika hám psixologiya pánleri sonı dálillemekte, insan shaxsınıń tiykarı, onıń xarakteri hám intellektual potencialınıń 70-80 procenti áyne 7 jasqa shekemgi dáwirde qáliplesedi.

Balalıqtıń dáslepki jılları miy neyronları arasındaǵı baylanıslar (sinapslar) eń joqarı tezlikte qáliplesetuǵın dáwir.[7]

Neyroplastiklik: 3 jastan 6 jasqa shekem bolǵan balada miy kletkaları úlkenlerge qaraǵanda eki ese aktiv isleydi. Mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemlerdegi pedagogikalıq ortalıq bul belsendilikti durıs baǵdarlawǵa xızmet etedi.

Sensorlıq rawajlanıw: Reńler, formalar, sesler hám keńislik túsinikleri menen islesiw balanıń logikalıq pikirlew orayların ashadı.

Sóylewdiń qáliplesiwi: Mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemlerdegi bay sóz baylıǵı hám turaqlı qatnasıw ortalıǵı balanıń sózlik zapasın úy sharayatındaǵıǵa qaraǵanda 3-4 márte tezirek bayıtadı.

Mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemlerine barǵan balanıń eń úlken jetiskenligi - bul "Sociallıq intellekt" (SII) qáliplesiwi bolıp esaplanadı.[8]

| Kónlikpe | **Áhmiyeti** |
|---|---|

| | |
|---|---|
| Emocional turaqlılıq | Bala óz sezimlerin basqarıwdı hám basqalardıń sezimlerin túsiniwdi (empatiya) úyrenedi. |
| Jámáátte islew | Topar bolıp oyın oynaw, joybarlardı orınlaw arqalı birge islesiw mádeniyatı qáliplesedi. |
| Iyerarxiya hám tártip | Úlkenlerge húrmet, qatarları menen salamat báseki hám belgilengen qaǵıydalarǵa ámel etiwdi úyrenedi. |

Kópshilik balalar 1-klassqa shiqqanda "mektep stressin" basınan keshiredi. Mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemlerinde qamtıp alınǵan balalarda bul process biraz jeńil ótedi:

1. Motivaciyalıq tayarlıq: Bala oqıwdı minnetleme emes, al qızıqlı process dep qabıl etedi.

2. Írzalıq tayarlıq: Dıqqattı jámlew, baslanǵan jumıstı aqırına jetkeriw (máselen, súwret salıw yaki legonı jıynaw) kónlikpesi.

3. Akademiyalıq tiykar: Ápiwayı arifmetikalıq ámeller, hárip hám ses analizi, qorshaǵan ortalıq haqqındaǵı fundamental bilimler.

Ekonomist Djeyms Xekman tárepinen dálillengen teoriya boyınsha, balanıń erte rawajlanıwına investiciya kirgiziw mámleket ushın eń paydalı investiciya esaplanadı.[6]

✧ Analardıń bántligi: Mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemlerdiń qamtıp alıwınıń keńeyiwi menen hayal-qızlardıń miynet bazarına qaytıwı hám shańaraq dáramatınıń artıwı támiyinlenedi.

✧ Keleshektegi qárejetlerdi azaytıw: Mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemlerinde sapalı tárbiya alǵan balalar keleshekte jınayatshılıqqa qol urmawǵa, jumıssızlıqtıń aldın alıw hám de densawlıǵıda jaqsi qáliplesedi.

Búgingi kúnde qamtıwdı arttırıwda tek ǵana dástúriy baqshalar menen sheklenip qalmay atır:

✧ Qisqa muddetli toparlar: Kúnine 3-4 saatlıq shınıǵiwlar.

✧ Mobil toparlar ("Aqlvoy" avtobusları): Alıs awıllardaǵı balalardı qamtıp alıw ushın.

✧ Májbúriy biypul 1 jıllıq tayarlıq: 6 jasar balalardı mektepke tayarlaw sisteması.

Maqalada ayrıqsha toqtap ótiw kerek bolǵan tárepi - bul tárbiyadaǵı birden-bir kózqaras. Mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemleri ata-anaǵa tómendegilerde járdem beredi: Baladaǵı psixologiyalıq yamasa fizikalıq kemshiliklerdi erte anıqlaw hám korrekciyalaw; Ata-analardıń pedagogikalıq mádeniyatın arttırıw; Balanıń individual qábiletlerin (muzika, sport, kórkem óner) ashıw.

Jáne bir áhmiyetli wazıypalardan biri sonda, mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemlerine qamtıp alınbaǵan balalardı mektepke tayarlawda qısqa múddetli tayarlaw toparlarınıń roli áhmiyetli esaplanadı.

Juwmaqlap aytqanda, mektepke shekemgi bilimlendiriw úzliksiz bilimlendiriwdiń baslanǵısh bólegi esaplanıp, ol balanıń salamat, jetik, bárkamal shaxs bolıp qáliplesiwin támiyinlep, oqıwǵa bolǵan ıqlasın oyatadı, sistemalı oqıtıwǵa tayarlap baradı. Solay eken, bul sistema jumısın jáne de kúsheytiw, mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemlerinde hár tárepleme qolaylı sharayatlar jaratıw, olarǵa mektepke shekemgi jastaǵı balalardı keńnen tartıw, perzentlerimizdiń bárkamal hám jetik shaxs bolıp qáliplesiwinde áhmiyetli orın tutadı.

**ÁDEBIYATLAR**

1. Ózbekstan Respublikası Prezidenttiń 2019-jıl 8-maydaǵı 4312-sanlı "Ózbekstan Respublikası mektepke shekemgi bilimlendiriw sistemasın 2030-jılǵa shekem rawajlandırıw koncepciyasın tastıyıqlaw haqqında"ǵı qararı.
2. 2019-jıl 14-dekabrdegi Nızamshılıq palatası hám Senat tárepinen maqullanǵan ÓRN-595-sanlı "Mektepke shekemgi bilimlendiriw hám tárbiya haqqında"ǵı nızamı.
3. Ózbekstan Respublikası Prezidenttiń 2026-jıl 5-fevraldaǵı 19-sanlı "Mektepke shekemgi bilimlendiriw hám tárbiya sistemasın jáne de jetilistiriw ilajları haqqında"ǵı pármanı.
4. Qodirova F.R., Toshpoʻlatova Sh.Q., Kayumova N.M. "Maktabgacha pedagogika". – T.: "Tafakkur", 2019.
5. M.N.Mirazimova – Mektepke shekemgi bilimlendiriw jasındaǵı balalardıń fizikalıq sıpatların rawajlandırıw hám mektep bilimlendiriwine tayarlaw //Mejdunarodnaya konferensiya Akademicheskix nauk. 2021/10//Rossiya.
6. Heckman, J. J. (2006). Skill Formation and the Economics of Investing in Disadvantaged Children. Science, 312 (5782). (Mektepke shekemgi bilimlendiriwdiń ekonomikalıq paydası haqqında Nobel sıylıǵı laureatınıń miyneti).
7. Shleicher, A. (2019). Helping our Youngest to Learn and Grow: Policies for Early Childhood Education and Care. OECD Publishing. (EQBSh mámleketleri tájiriybesi).
8. UNESCO (2021). Global Report on Early Childhood Care and Education. (Dúnya boylap mektepke shekemgi bilimlendiriw jaǵdayı boyınsha esabat).

**Annotaciya.** Bul maqalada mektep jasına shekemgi balalardı mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemlerine qamtıp alıw, bilimli, intellektuallıq potencialǵa iye, aqılı jetik, fizikalıq bárkamal áwladtı qáliplestiriw, maman kadrlardı tayarlawdıń maqseti hám wazıypaları kórsetilgen.

**Kalit sózler:** rekonstrukciya, bárkamal shaxs, dúnyaqaras, modernizaciya.

**Аннотация.** В статье описаны цели и задачи охвата дошкольников дошкольным образованием, формирование образованного, интеллектуально одаренного, умственно зрелого, физически здорового поколения, подготовка квалифицированных кадров.

**Ключевые слова:** реконструкция, гармонично развитая личность, мировоззрение, модернизация.

**Abstract.** This article describes the goals and objectives of the coverage of preschool children in preschool education, the formation of an educated, intellectually gifted, mentally mature, physically fit generation, the training of qualified personnel.

**Key words:** reconstruction, harmoniously developed personality, worldview, modernization.